# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# एलीशा, चमत्कारन वाला आदमी


लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: Lazarus; Alastair Paterson
अनुकूलित: Ruth Klassen
अनुवादक: सुरेश मसीह
उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada



©2021 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।




हर के खींचे खातिर पर्याप्त बैल ना रहलें। एगो अउरी बैल क जरूरत रहल। ई जरूरत एलीशा नामक एगो युवक किसान के रोक ना सकलस! उ लापता बैल क जगह ले लिहलन अउर, बैलन की साथ खुद के मिला लिहलन। उ एगो बहुत ही मजबूत, चालाक अउर कड़ी मेहनत से काम करे वाला आदमी रहलन।




एलीशा जोताई करत रहलन तबे, परमेश्वर क भविष्यद्वक्ता एलिय्याह आके उनके बतवलन। युवक, परमेश्वर क सेवक होखे खातिर खेती बाड़ी छोड़ दिहलन। एक दिन, परमेश्वर एगो बवंडर द्वारा एलिय्याह के स्वर्ग में उठा लिहलन। अब एलीशा इस्राएल की खातिर परमेश्वर क
भविष्यद्वक्ता रहलन।
3


एलिय्याह की चल गोइला की कारन एलीशा दुःखी रहलन, पर उ परमेश्वर से प्रार्थना कइलन कि उनके भी एलिय्याह की तरह शक्ति मिले।
4


एलीशा एलिय्याह की चादर के उठवलन, अउर एलिय्याह की तरह नदी की बहत पानी के मरलन। पानी दू भाग में हो गोइल!
अब एलीशा जान लिहलन की परमेश्वर उनकरी संगे बाड़न।
5


एलीशा बेतेल नामक एगो शहर खातीर जात रहलन, कुछ युवक लोग "ऊपर जा कहिके उनकर मज़ाक उड़वललन। ए गंजे!" एलीशा परमेश्वर क सेवक रहलन, ओकर उन सब के कवनो परवाह ना रहल। उन सब के एगो चौंकावे वाली घटना घटित भइल। दू गो भालू, जंगल से बाहर अइलन सअ अउर ओ बयालीस युवकन के फाड़ खइलन सअ।
6


एक दिन एलीशा एगो विधवा से मिललन, उ कर्ज में पइसा लीहले रहली पर ओ के चुका ना सकत रहली। करजा क पइसा वसूलला की बदला में करजा देबे वाला आदमी विधवा औरत की दूनो लइकन के आपनी दास की रूप में ले जा रहत रहल। एलीशा कहलन, "अपनी सब पड़ोसी लोगन की पास जा अउर खाली बर्तनन के उधार में ले आवअ... खाली बर्तन के?" ओ औरत की संगे परमेश्वर कुछ अद्भुत करे जात रहलन।
7


विधवा की घर में तेल क खाली एगो छोट जार रहल। लेकिन ओ छोटके जार से उ सब जारन के तेल से भर दिहली। यदि ओ दिन में नहाये वाला कठौती रहल होइत त आप का सोचतीं कि परमेश्वर ओके भी भर देतन की ना? विधवा ओ तेल के बेच के अपनी लइकन के बचा लिहली।
8

एगो अउर दूसर महिला अउर ओ कर मरद, एलीशा की खातिर अपनी घर में एगो विशेष कमरा क निर्माण कइलें, ताकि जब उ उधर से होके जावँ तब उ उँहा ठहर सकें। कमरा में उ सब एगो बिस्तर, एगो मेज, एगो कुर्सी, अउर एगो दीवट लगववलें। उ कमरा हमेशा खातिर एलीशा बदे आरक्षित कइल गइल रहे।



9

एलीशा ए जोड़ी की दयालुता पर आश्चर्य करत अउर सोचत रहलन कि कइसे उन सब की उपकार क चुकता करीं। जब उनके मालूम भइल कि उन लोगन क कवनो संतान नइखे, तब उ ओ महिला से कुछ एइसन कहलन, कि शायद उ विश्वास कर सके खातिर कठिन रहल। "अगली साल लगभग एही समय में तूं अपनी बेटा के गले लगइबू।" बेशक सही समय पर, एक साल बाद, लइका पैदा भइल।



10

कुछ साल बाद उहे लइका अपनी बाप की संगे खेत में रहल। "हमार सिर, हमार सिर कहिके," लड़का चिल्लाइल; जब ओकरी माई की पास लइका के लीयावल गोइल, उ दोपहर तक अपनी ठेंघुना पर बइठल रहल, अउर ओकरी बाद उ मर गइल। एलीशा की कमरा में बिस्तर पर महतारी ओ लइका के रख दिहली। ओकर मदद के कइले होड़, आप का सोचत बानी?



11

का आप एलीशा क नाम बतवलीं हँअ? हँअ ई सही हअ! ओकर महतारी एगो गदहा पर काठी बंधली अउर उनके खोजे खातिर फूर्ति से चल गयली। एलीशा उनकरी घरे अइलें, अकेले ऊपर कमरा में चल गइलन अउर परमेश्वर से प्रार्थना कइलन।



12

परमेश्वर लइका की जीवन के वापस दे दिहलन। एलीशा महिला के बतलवलन अउर उनकरी बेटा के ले जाये खातिर कहलन।" "उ केतना खुश भइल होइहन।"



13



सीरिया की पास की देश में एगो नामान नाम क एगो सेना क कमानडर रहत रहल। उ बहादुर अउर मजबूत रहल, लेकिन उ एगो भयानक चर्म रोग, जेके कुष्ठ रोग कहल जाला से पीड़ित रहल।

14

नामान की मेहरारू की लंगे इस्राएल से आइल एगो छोट गुलाम लइकी रहल। उ छोट लइकी ई कहलस, "यदि हमार प्रभु नामान, परमेश्वर की जन की पास जइहन जे इस्राएल में रहेलन तअ उ उनकरी कुष्ठ रोग से ठीक हो जइतन"।



15

नामान एक बार, नबी के देखे खातिर योजना बनवलस। ओ इनाम में चांदी, सोना, अउर सुंदर कपड़ा साथ ले गोइल।



16



एलीशा क नौकर बाहर अइलन अउर कहलन, "जा, यरदन नदी में सात बार डुबकी लगावअ अउर तूं स्वयं ही चंगा हो जइबअ।" नामान बहुत क्रोधित भइलन। का उ अपनी ही देश, सीरिया में स्वच्छ, ताजा नदी में ना नहा सकत रहलन? गुस्सा में आके, उ अपनी घर कि ओर जाये खातिर आगे बढ़लन।

17



सौभाग्य से नामान क सेवक, एलीशा की आदेश क पालन करे खातिर निवेदन कइलस। तब नामान नीचे गइल अउर यरदन में सात बार डुबकी लगवलस। अब कोढ़ी नामान चंगा हो गइल रहल! तब नामान, सत्य परमेश्वर क पूजा कइलन, एलीशा क परमेश्वर, कुष्ठ रोग से चंगा कइलन हअं, उहे यहोवा परमेश्वर हउवन।

18



एलीशा की मूवला की बाद भी परमेश्वर अपनी दास क इस्तेमाल कइलन। एक दिन, एगो आदमी के गुफा में दफनावल गइल जहाँ एलीशा बहुत समय पाहिले दफनावल गइल रहलन। जब आदमी क लाश, नबी की हड्डियन से छुआइल तब उ आदमी पुनर्जीवित हो गइल अउर अपनी पैरन पर खड़ा हो गइल। सच में, परमेश्वर अपनी वफादार सेवक, एलीशा की माध्यम से अपनी सबसे बड़ ताकत दिखवलन।

19

एलीशा, चमत्कारन वाला आदमी

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

2 राजा 2-13

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

20

# समापन

25 60



बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिह्न उ आके आपकी अन्दर बसिह्न अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँईं अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिह्नी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16